

# Ti Biznis ak Asirans Sante

## Kredi nan Taks pou Swen Sante pou Ti Biznis yo ka ede ou Achte Asirans Sante pou Anplwaye ou yo

**Lwa pou Swen Abòdab la te kreye yon nouvo kredi nan taks pou ede ti biznis yo ofri asirans sante bay anplwaye yo.**



### Kisa Kredi nan Taks pou Swen Sante pou Ti Biznis yo ye?

Li pèmèt kèk ti biznis reklame yon kredi fiskal jiska 50% pri asirans sante anplwaye yo.

Pou ti biznis ki gen egzanpsyón fiskal, kredi a kapab rive jiska 35% epi li ranbousab. Sa vle di ti biznis ki pa la pou fè pwofit ou a pa bezwen okenn responsabilite taks sou revni pou benefisyé.

### Èske mwen ka reklame kredi sa a?

An jeneral, biznis ki ka relame kredi a se biznis ki:


- Gen mwens **pase 25 anplwaye ak salè mwayer \$53,000 dola oswa mwens** (sof salè tout pwopriyetè yo).
  - > Anjeneral, pwopriyetè yo pa konsène lè y ap kalkile kantite anplwaye ak salè mwayer pou biznis lan. Epitou, kantite anplwaye yo baze sou “ekivalan a plen tan” (FTE). Sa vle di de anplwaye k ap travay mwatye tan yo t ap egal yon anplwaye a plen tan.
- **Peye omwen mwatye pri prim pou anplwaye yo** ; epi
- Ofri pwoteksyon asirans **nan Mache Ti Biznis NY State of Health ki anba kontwòl Eta New York.**

Kredi a disponib sou yon echèl varyab. Kredi nan taks la elimine depi yon patwon gen 25 anplwaye oswa depi salè mwayer an se \$53,000 dola oswa pi plis.

**Pou jwenn plis enfòmasyon sou refòm nan swen sante ak sou kredi fiskal nan swen sante pou ti biznis yo, ale nan sitwèb [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov) oswa rele 1-855-355-5777.**

**NYC**  
Human Resources  
Administration  
Department of  
Social Services

 **HEALTH  
INSURANCE  
LINK**



### Kijan pou mwen reklame kredi a?

Ou ka reklame kredi nan taks sou deklare taks anyèl ou ak Fòm **IRS 8941** (Ti biznis ki gen egzanpsyon taks yo dwe depoze yon fòm deklarasyon taks **990-T** pou reklame, menm si ou pa t ap oblige fè sa).

Anplwaye ou yo pa bezwen peye taks sou kontribisyon ou fè pou pwoteksyon yo.

### Èske mwen ka pwofite nan kredi a menm si mwen pa gen okenn responsablite taks sou revni?

Wi, kredi taks sou swen sante a kapab **transfere dèyè epi ou ka** itilize li pou konpanse responsablite taks sou revni ki fêt ane anvan an oswa **transfere li pi devan** pou konpanse responsablite ki fêt sou 20 ane k ap vini yo. Kredi a **ranbousab** pou biznis ki gen egzanpsyon taks.

### Èske mwen ka jwenn nenpòt lòt èd taks dèské mwen ofri asirans sante?

Wi, tout biznis ka reklame yon **dédiksyon taks sou revni pou pri asirans sante anplwaye yo**. Li se yon depans biznis "òdinè ak nesesè".

Lè ti biznis ki kalifye yo melanje 2 kalite rediksyon nan taks, yo kapab reklame **kredi nan taks sou swen sante** pou apeprè 50% depans yo epi, pou rès depans yo, yo kapab **mande yon dediksyon**. (Ou pa kapab reklame yon dediksyon pou 100% depans asirans sante ou si w ap reklame kredi taks sou swen sante tou.)

### Kouman mwen ka konnen konbyen nan yon kredi mwen ka kapab reklame?

Ou dwe pale ak konseye taks oswa kontab ou pou konnen kijan kredi nan taks la ka mache pou ou.

Anplis, Mache pou Biznis NY State of Health la gen yon kalkilatris ki ba ou yon estimasyon kredi a anvan ou aplike. Li nan seksyon "Anplwayè" nan sitwèb la.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou refòm nan swen sante ak sou kredi fiskal nan swen sante pou ti biznis yo, ale nan sitwèb: [irs.gov/affordable-care-act/employers/small-business-health-care-tax-credit-and-the-shop-marketplace](https://irs.gov/affordable-care-act/employers/small-business-health-care-tax-credit-and-the-shop-marketplace)

Dènye modifikasyon: 03/2020

NYC Human Resources Administration Office of Citywide Health Insurance Access bay fèy done sa yo pou enfòmasyon sèlman. Tanpri kontakte yon konpayi asirans, yon koutyé asirans, yon konseye taks, oswa yon otorite kontwòl leta pou konprann dwa ak responsablite ou yo. Pou asire gen konfòmîte avèk egzijans Règleman Trezò Etazini enpoze, n ap fè ou konnen nenpòt konsèy fiskal Etazini ou kwè ki endike nan komunikasyon sa a (ansanm ak nenpòt dokiman siplemantè) pa la oswa pa ekri pou ou itilize, epi ou pa kapab itilize li pou (i) evite sanksyon anba Kòd sou Revni Entèn (Internal Code Revenue) oswa (ii) pou fè pwomosyon, pou fè maketing, oswa pou fè rekòmandasyon ba yon lòt moun nenpòt tranzaksiyon oswa zafè ki endike nan komunikasyon an.